



Kesyon yo Poze Souvan sou Peman Kredi Enpo pou Timoun 2021 ak Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo; Mizajou nan Sijè A: Enfòmasyon Jeneral

FS-2021-13HC, Novanm 2021

Fich Enfòmasyon sa a se yon mizajou nan Kesyon yo Poze Souvan (FAQ) nan Sijè A sou Kredi Enpo pou Timoun nan ak yon nouvo kesyon yo ajoute, Q. 17, anba Kesyon yo Poze Souvan nan Sijè A ak Sijè F ak nouvo kesyon Q2 rive Q6, anba Sijè F.

Depandans sou FAQ yo

Y ap bay FAQ yo pou bay enfòmasyon jeneral pou kontribyab yo ak pwofesyonèl taks yo pi rapid posib. Menm jan an tou, FAQ sa yo ka abòde nenpòt fè patikilye espesifik kontribyab la ak sikonstans yo, e yo ka aktyalize oswa modifye apre lòt revizyon. Akoz FAQ sa yo pa t pibliye nan Bilten Revni Entèn nan, yo p ap konte sou yo oswa itilize pa IRS la pou rezoud yon ka. Menm jan an, si yon FAQ sanble vin yon deklarasyon lwa a ki pa presi jan sa aplike ak yon ka patikilye kontribyab la, lwa a ap kontwòle responsabilite fiskal kontribyab la. Neyanmwon, yon kontribyab ki konte sou FAQ sa yo nan yon manyè rezonab epi ak bòn fwa p ap genyen penalite ki bay yon koz rezonab estanda pou alèjman, ansanm avèk yon penalite neglijan oswa lòt penalite ki an rapò ak prezizyon, nan mezi depandans lan bay yon mank nan peman taks. Tout mizajou oswa modifikasyon annapre nan FAD sa yo ap date pou pèmèt kontribyab yo konfime dat kote chanjman nan FAQ yo te fèt. Anplis, premye vèsyon FAQ yo ap rete sou IRS.gov pou rasire si kontribyab yo, ki te ka konte sou yon premye vèsyon, kapab lokalize vèsyon sa si yo bezwen fè sa annapre.

Pou plis enfòmasyon sou depandans gade [Apèsi Jeneral sou Depandans Kontribyab yo nan Gid ki Pibliye nan Bilten Revni Entèn nan ak FAQ yo](#). Mizajou FAQ sa a te anonse nan IR-2021-218.

Mizajou nan Kesyon yo Poze Souvan sou Avans Kredi Enpo pou Timoun nan

- [Sijè A: Enfòmasyon Jeneral \(mizajou\)](#)
- [Sijè B: Kalifikasyon pou Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#)
- [Sijè C: Kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#)
- [Sijè D: Kalkil Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo](#)
- [Sijè E: Pwosesis Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun nan](#)
- [Sijè F: Aktyalize Enfòmasyon sou Kredi Enpo pou Timoun ou an nan 2021 an \(mizajou\)](#)
- [Sijè G: Resevwa Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo](#)
- [Sijè H: Rekonsilyasyon Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo sou Deklarasyon Enpo 2021 w lan](#)
- [Sijè I: Rezidan sou Tèritwa Etazini ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo](#)
- [Sijè J: Anile Enskripsyon nan Pèman Avans yo](#)
- [Sijè K: Verifikasyon Idantite ou pou Ou Jere Pèman w yo](#)
- [Sijè L: Asistans pou Moun yo nan Enskripsyon pou Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo](#)
- [Sijè M: Kesyon Anpil moun poze sou Gad Pataje](#)
- [Sijè N: Kesyon Anpil moun poze sou Imigrasyon](#)
- [Sijè O: Retounen yon peman](#)



Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo - Sijè A: Enfòmasyon Jeneral

K A1. Kisa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ye? (ajoute 14 jen 2021)

A1. Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo se premye peman 50 pousan estimasyon montan Kredi Enpo pou Timoun nan, IRS la fè, ke ou ka reklame kòm sadwa, nan deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezon deklarasyon enpo 2022 a. Si IRS la te trete deklarasyon enpo 2020 w lan oswa deklarasyon enpo 2019 ou a, peman masyèl sa yo ap kòmanse fèt apati Jiyè epi rive nan Desanm 2021, dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon sa.

Nòt: Montan peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo pa depann de Kredi pou Lòt Depandan yo, ki pa ranbousab. Pou plis enfòmasyon konsènan Kredi pou Lòt Depandan yo, gade [Piblikasyon IRS No. 972, Kredi Enpo pou Timoun ak Kredi pou Lòt Depandan yo \(an anglè\)](#) PDF.

Pou plis enfòmasyon konsènan kòman yo kalkile peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo, gade [Sijè D: Kalkil Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo](#).

K A2. Kisa m ap bezwen fè pou mwen resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (mizajou 1ye jiyè 2021)

A2. Jeneralman, anyen. Si ou kalifye pou resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo dapre deklarasyon enpo 2020 w lan oswa deklarasyon enpo 2019 la (k ap gen ladan enfòmasyon ou te mete nan zouti Non-Deklaran an pou Peman Enpak Ekonomik yo sou IRS.gov an 2020 an), jeneralman w ap resevwa peman sa yo otomatikman san ou p ap bezwen antreprann okenn aksyon adisyonèl.

Fòk ou fè yon jan si ou pa t fè deklarasyon enpo 2020 w lan oswa deklarasyon enpo 2019 ou a. IRS mete yon [zouti Non-Deklaran](#) anliy disponib, ki pral pèmèt endividi ki pa t gen obligasyon pou yo fè (epi yo pa t fè li) yon deklarasyon enpo pou 2020 an, fè yon deklarasyon enpo senplifye. Deklarasyon enpo senplifye sa ap pèmèt endividi kalifye yo enskri pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak twazyèm Peman Enpak Ekonomik la, ak reklame Kredi Ranbousman Rekipasyon 2020 an tou. Kontribyab yo kapab vizite tou IRS.gov/filing pou detay apwopo

- [Deklarasyon Gratis IRS](#),
- [Fòmilè Deklarasyon Gratis pou Ranpli \(an anglè\)](#),
- [Zouti Enskripsyon pou Non Deklaran pou Kredi Enpo pou Timoun nan](#), oswa
- jwenn yon [pwofesyonèl enpo ou fè konfyans](#).

Mwayen ki pi rapid pou jwenn peman avans yo se [fè deklarasyon enpo ou elektwonikman](#) epi bay enfòmasyon konsènan kont finansye ou pou w ka resevwa peman ou yo pa mwayen [depo dirèk](#). Ou ka itilize yon kont labank, kat debi prepeye, oswa aplikasyon mobil pou depo dirèk ou a e w ap genyen pou ou bay nimewo woutaj ak nimewo kont yo. Si ou ta renmen jwenn peman w lan pa mwayen depo dirèk, anpil enstitisyon finansyèl kapab ede ou louvri yon kont labank pou yon ti kras lajan oswa gratis. Vizite [sit entènèt Sosyete Federal Asirans Depo a \(an anglè\)](#) pou detay sou kòman pou w louvri yon kont anliy oswa itilize zouti [BankFind \(an anglè\)](#) FDIC a pou w lokalize bank ki asire nan FDIC. [BankOn \(an anglè\)](#), [Asosyasyon Bankye Ameriken \(an anglè\)](#), [Kominote Bankye Endepandan nan Amerik la \(an anglè\)](#), [Administrasyon Inyon Kredi Nasyonal \(an anglè\)](#) genyen lis bank ak koperativ kredi ki kapab louvri yon kont anliy.

Pou plis enfòmasyon konsènan kalifikasyon ak kòman yo vèse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, gade [Sijè B: Kalifikasyon pou Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#) epi [Sijè E: Pwosesis Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun nan](#).

K A3. Èske mwen bezwen revni pou mwen resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (ajoute 14 jen 2021)

A3. Non. Menmsi ou genyen \$0 revni, ou ka resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo si ou kalifye.

Pou enfòmasyon konsènan kalifikasyon an, gade [Sijè B: Kalifikasyon pou Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#).



K A4. Ki kote mwen ka jwenn èd pou mwen konplete deklarasyon enpo 2020 mwen an si mwen pa ka fè sa poukont mwen? (ajoute 14 jen 2021)

A4. Si ou pa kapab oswa chwazi pa itilize zouti Non-Deklaran an, Deklarasyon Gratis IRS la, oswa Fòmilè Deklarasyon Gratis pou Ranpli yo, pou w fè deklarasyon enpo 2020 w lan, genyen plizyè kalite preparatè deklarasyon enpo, ki gen ladan yo, ekspè kontab agreye, ajan ki enskri, avoka, ak lòt ankò ki kapab asiste ou pou fè deklarasyon w lan. Pou plis enfòmasyon konsènan sa yo ak lòt preparatè deklarasyon ki ka bon pou ou, vizite [Ou bezwen yon moun pou prepare deklarasyon enpo w la?](#)

K A5. E si mwen pa vle resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (mizajou 24 jen 2021)

A5. Si ou prefere pa resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun mansyèl yo paske ou t ap prefere reklame tout kredi a lè ou fè deklarasyon enpo 2021 an, oswa ou konnen ou p ap kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun pou ane fiskal 2021 w lan, w ap kapab enskri atravè [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun](#) nan (Child Tax Credit Update Portal, CTC UP). CTC UP a ap pèmèt ou dezenskri anvan premye peman avans Kredi Enpo pou Timoun nan fèt.

Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP, gade [Sijè F: Mete ajou Enfòmasyon Kredi Enpo pou Timoun nan Pandan 2021 an](#).

K A6. Kilè IRS la ap kòmanse vèse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (ajoute 14 jen 2021)

A6. IRS la ap kòmanse vèse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo 15 Jiyè. Apre sa, peman yo ap vèse pa mwa jis nan fen Desanm 2021.

Pou plis enfòmasyon konsènan kòman yo vèse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, gade [Sijè E: Pwosesis Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun nan](#).

K A7. Èske IRS la ap kontakte mwen apwopo peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo anvan yo vèse? (ajoute 14 jen 2021)

A7. Wi. Nan mwa Jen, IRS la ap voye ba ou yon Lèt 6417. Lèt sa ap enfòme ou sou montan estimasyon peman mansyèl Kredi Enpo pou Timoun yo. Lèt sa ap endike tou, ki kote ou ka jwenn enfòmasyon adisyonèl konsènan peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo.

K A8. Kòman mwen kalifye pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (ajoute 14 jen 2021)

A8. Ou kalifye pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo si ou genyen yon timoun kalifye. Epi tou, oumenm — oswa konjwen w lan, si ou marye epi ou fè yon deklarasyon konjwen — dwe genyen kay prensipal ou nan youn nan 50 Eta yo oswa Distrik Columbia pandan plis pase mwatye nan ane a. Kay prensipal ou a kapab nenpòt kote ou rete regilyèman. Kay prensipal ou a kapab kay ou, apatman, kay mobil, refij, lojman tanporè, oswa lòt kote e li pa bezwen menm plasman fizik la nan ane fiskal la. Ou pa bezwen gen yon adrès pèmanan pou ou jwenn peman sa yo. Si ou pa nan kay prensipal ou a tanporèman akòz maladi, edikasyon, biznis, vakans, oswa sèvis militè, jeneralman yo trete ou tankou ou t ap viv nan kay prensipal ou a.

Pou plis enfòmasyon konsènan kalifikasyon pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, ak Kredi Enpo pou Timoun nan jeneralman, gade [Sijè B: Kalifikasyon pou Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#).

Pou enfòmasyon sou kòman yo te ka redui Kredi Enpo pou Timoun ou an parapò ak montan revni w lan, gade [Sijè C: Kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#).

K A9. Èske resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ap lakoz yon reta nan ranbousman mwen an lè mwen fè deklarasyon enpo 2021 mwen an ane pwochèn? (ajoute 14 jen 2021)

A9. Non.

K A10. Èske peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo gen taks sou yo? (mizajou 24 jen 2021)

A10. Non. Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo pa revni e yo p ap deklare antanke revni nan deklarasyon enpo 2021 w lan. Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo se peman avans Kredi Enpo pou Timoun 2021 ane fiskal ou a.

Sepandan, montan total peman avans Kredi enpo pou Timoun yo ou resevwa nan 2021 an se sou estimasyon IRS sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 w lan. Si total la plis pase montan Kredi Enpo pou Timoun nan ke yo pèmèt ou reklame nan deklarasyon enpo 2021 w lan, ou ka genyen pou ranbouse montan aleksè sou deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezon deklarasyon enpo 2022 an. Parekzanp, si ou resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou de (2) timoun kalifye ki deklare kòm sadwa sou deklarasyon enpo 2020 w lan, men ou pa genyen timoun kalifye ankò nan 2021 an, peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou te resevwa sou timoun sa yo ajoute nan enpo sou revni 2021 w la sof si ou



kalifye pou pwoteksyon kont repeman. Pou plis enfòmasyon konsènan kalifikasyon pou pwoteksyon kont repeman an, ak kòman pou rekonsilye peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk Kredi Enpo pou Timoun ou an sou deklarasyon enpo 2021 w lan, gade [Sijè H: Rekonsilyasyon Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo sou Deklarasyon Enpo 2021 w lan](#).

Pou rezon sa a, ou ka swete dezenskri pou resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. W ap kapab dezenskri atravè [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan \(CTC UP\)](#). Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP a, gade [Sijè F: Mete ajou Enfòmasyon Kredi Enpo pou Timoun nan Pandan 2021 an](#).

K A11. Èske IRS la ap voye yon lèt peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ban mwen pou ede mwen reklame bon montan Kredi Enpo pou Timoun nan sou deklarasyon 2021 mwen an ane pwochèn? (ajoute 14 jen 2021)

A11. Wi. An Janvyè 2022, IRS la ap voye ba ou Lèt 6419 pou ba ou montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun ki te vèse ba ou nan 2021 an. Tanpri konsève lèt sa konsènan peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk dosye fiskal ou yo. Ou ka bezwen refere ou ak lèt sa lè w ap fè deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezon deklarasyon enpo 2022 a. Pou plis enfòmasyon konsènan lèt sa ak kòman pou rekonsilye peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk Kredi Enpo pou Timoun ou an nan deklarasyon 2021 w lan, gade [Sijè H: Rekonsilyasyon Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo nan Deklarasyon Enpo 2021 w lan](#).

K A12. Èske peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ap afekte avantaj gouvènman mwen konn resevwa yo? (ajoute 14 jen 2021)

A12. Non. Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo pa kapab konte kòm revni lè y ap detèminen si oumenm oswa nenpòt lòt moun kalifye pou avantaj yo oswa asistans, oswa konbyen oumenm oswa nenpòt lòt moun ka resevwa, apati nenpòt pwogram federal oswa apati nenpòt pwogram lokal oswa Eta ki finanse an antye oswa an pati avèk fon federal yo. Pwogram sa yo pa kapab konte peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo kòm yon resous nan objektif pou detèminen kalifikasyon pandan 12 mwa pou pi piti apre ou fin resevwa l.

K A13. Èske mwen ka rele IRS oswa konpayi lojisyèl taks mwen an oswa labank pou mete enfòmasyon kont labank mwen ajou pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (mizajou 1ye jiyè 2021)

A13. IRS ap bay sou IRS.gov yon [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun \(CTC UP\)](#), ki pral pèmèt ou mete enfòmasyon ajou avèk IRS la, avèk enfòmasyon kont labank ou tou.

CTC UP a, aktyèlman, pèmèt ou chwazi pa, resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak aktyalize enfòmasyon sou kont labank ou. IRS la ap ajoute fonksyonalite nan CTC UP annapre pandan ane sa a, fonksyonalite yo dekri nan [E si enfòmasyon sou bank mwen, adrès imèl mwen, revni mwen, oswa fanmi mwen te chanje nan 2021 an?](#) anba a.

K A14. Kòman mwen ka evite anak ki gen rapò ak peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (ajoute 14 jen 2021)

A14. IRS la ap ankouraje tout moun pou yo veye anakè k ap eseye itilize peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo kòm kouvèti pou vòlè enfòmasyon pèsònèl ak lajan. IRS la pa kontakte pa mwayen imèl, mesaj tèks, oswa medya sosyal yo pou mande enfòmasyon pèsònèl oswa finansyè – menm enfòmasyon ki gen pou wè ak peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Epi tou, veye imèl ki genyen atachman oswa lyen ki di yo genyenn enfòmasyon espesyal konsènan peman avans Kredi enpo pou Timoun yo oswa ranbousman Kredi Enpo pou Timoun yo.

Si ou resevwa yon imèl sispèk ki sanble soti nan IRS, gade [Sinyale Eskwokri ak Anak Anliy yo](#) pou enfòmasyon adisyonèl.

K A15. Mwen vle ede difize mesaj apwopo peman avans Kredi Enpo pou Timoun nan anndan kominote mwen an. Kòman mwen ka fè sa? (ajoute 14 jen 2021)

A15. IRS la ap kominike materyèl adisyonèl ak enfòmasyon ki ka pataje fasilman atravè medya sosyal, imèl, ak lòt metòd. IRS ankouraje anplwayè yo, gwoup kominotè yo, benevòl yo, asosyasyon yo, gwoup edikasyon yo, ak tout lòt moun ki gen koneksyon ak moun ki gen timoun, pou pataje enfòmasyon enpòtan sa a apwopo peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak ekspansyon Kredi Enpo pou Timoun yo pou ane fiskal 2021 an.

K A16. Kilè m ap disponib pou m mete enfòmasyon m yo ajou? (mizajou 4 Oktòb 2021)

A16. Pifò moun Platfòm Mizajou Kredi taks la montre kòm kalifye pou peman davans CTC yo ka mete ajou kèk enfòmasyon kounye a epi y ap kapab mete ajou enfòmasyon adisyonèl nan mwa k ap vini yo.



| *Dat ou ka fè chanjman yo | Kisa w ka fè |
|---------------------------|---|
| 21 jen | <ul style="list-style-type: none"> • Gade si w kalifye • Anile enskripsyon nan peman yo • Gade yon lis ki gen peman w yo |
| 30 jen | <ul style="list-style-type: none"> • Chanje enfòmasyon bank ou a pou yo ka kòmanse ak peman w yo nan mwa out la |
| 20 out | <ul style="list-style-type: none"> • Chanje adrès ou |
| Otòn | <ul style="list-style-type: none"> • Fè chanjman nan revni yo • Chanje moun ki depann de ou yo oswa estati ranpli fòm nan |

K A17 Revni 2021 mwen an ap diferan anpil de revni ki nan deklarasyon taks 2020 mwen an mwen te ranpli an. Èske IRS la ap aktyalize montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo pou li pran chanjman say o an konsiderasyon? (ajoute 8 novanm 2021)

A17. Wi, men se pa otomatikman. Si ou elijib pou resevwa peman avans CTC yo, ou ka ba nou yon estimasyon revni 2021 w lan nan [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan \(CTC UP\)](#). Ou kapab itilize pòtal anliy sa pou w estime revni ou planifye pou w rapòte nan deklarasyon taks 2021 w lan. N ap itilize estimasyon revni sa a pou retounen kalkile estimasyon nou sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 w lan ak montan peman avans masyèl Kredi Enpo pou Timoun yo.

Konsidere ba nou yon estimasyon revni 2021 w lan si, swa:

- Ou espere revni brit ajiste w nan 2021 an ap pi plis pase sèy ki anba a.
- Oswa revni brit ajiste ou pou 2020 an te pi plis pase sèy ki anba a.

| | |
|------------------------------|---|
| Kondisyon Fiskal 2021 | Sèy revni Brit Ajiste Modifye 2021 |
|------------------------------|---|



| | |
|---|-----------|
| Selibatè oswa marye k ap deklare separe | \$75,000 |
| Chèf fwaye | \$112,500 |
| Marye k ap deklare konjwen oswa Vèv Kalifye | \$150,000 |

Peman ou yo ka bese si ou estime ou gen plis revni an 2021. Peman ou yo ka ogmante si ou estime ou te gen mwens revni an 2021.

Si ou te depoze yon deklarasyon konjwen pou 2020, ou kapab sèlman aktyalize revni ou nan CTC UP a si ou planifye depoze yon deklarasyon konjwen pou 2021 an avèk menm konjwen an. Si ou p ap depoze yon deklarasyon konjwen avèk menm konjwen an pou 2021 epi si ou revni out e ogmante anpil, ou ta dwe konsidere dezenski nan peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou w evite resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun ki ka bezwen ranbouse lè ou depoze deklarasyon taks 2021 an. Si ou pa resevwa okenn peman avans Kredi Enpo pou Timoun pou yon timoun kalifye w ap reklame an 2021, ou ka reklame tout montan Kredi Enpo pou Timoun ou genyen pou timoun sa lè ou depoze deklarasyon taks 2021 an.

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo — Sijè B: Kalifikasyon pou Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak Kredi Enpo pou Timoun 2021

Q B1. Kiyès ki kalifye pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (ajoute 14 Jen 2021)

A1. Ou kalifye pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo si ou genyen yon timoun kalifye. Epi tou, oumenm — oswa konjwen w lan, si nou marye epi fè yon deklarasyon konjwen — dwe genyen kay prensipal ou nan youn nan 50 Eta yo oswa Distrik Columbia pandan plis pase mwatye nan ane a. Kay prensipal ou a kapab nenpòt kote ou rete regilyèman. Kay prensipal ou a kapab kay ou, apatman, kay mobil, refij, lojman tanporè, oswa lòt kote e li pa bezwen menm plasman fizik la nan ane fiskal la. Ou pa bezwen gen yon adrès pèmanan pou ou jwenn peman sa yo. Si ou pa nan kay prensipal ou a tanporèman akòz maladi, edikasyon, biznis, vakans, oswa sèvis militè, jeneralman yo trete ou tankou ou t ap viv nan kay prensipal ou a.

Pou enfòmasyon sou kòman yo te ka redui Kredi Enpo pou Timoun ou an parapò ak montan revni w lan, gade [Sijè C: Kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#).

Q B2. Èske ekzijans pou “timoun kalifye yo” chanje pou Kredi Enpo pou Timoun pou 2021 an? (ajoute 14 Jen 2021)

A2. Wi.

Q B3. Kiyès ki yon “timoun kalifye” nan objektif pou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an? (ajoute 14 Jen 2021)

A3. Pou ane fiskal 2021 an, yon timoun kalifye se yon endividi ki pa gen 18 lane anvan 1ye Janvyè 2022, epi ki ranpli kondisyon sa yo:



1. Endividi a se pitit gason kontribyab la, pitit fi, bofis, timoun adoptif kalifye, frè, sè, bofrè, bèlsè, demi-frè, demi-sè, oswa yon desandan nenpòt ladan yo (parekzanp, yon pitit pitit, nyès, oswa neve).
2. Endividi a pa bay plis pase mwatye nan sipò li pandan ane 2021 an.
3. Endividi a viv avèk kontribyab la pandan plis pase yonmwatye ane fiskal 2021 an. Pou eksepsyon nan ekzijans sa a, gade [Piblikasyon IRS No. 972, Kredi Enpo pou Timoun ak Kredi pou Lòt Depandan yo \(an anglè\)](#) PDF.
4. Endividi an deklare kòmsadwa antanke depandan kontribyab la. Pou plis enfòmasyon konsènan kòman pou deklare kòmsadwa, yon endividi antanke yon depandan, gade [Piblikasyon IRS No. 501, Depandan yo, Dediksyon Estanda, ak Enfòmasyon pou Deklarasyon \(an anglè\)](#) PDF.
5. Endividi a pa fè yon deklarasyon konjwen avèk konjwen endividi an pou ane fiskal 2021 an oswa fè li sèlman pou reklame yon ranbousman enpo sou revni yo te kenbe oswa estimasyon enpo ki te peye.
6. Endividi an te yon sitwayen Ameriken, gen nasyonalite Amerikèn, oswa yon etranje rezidan Ozetazini. Pou plis enfòmasyon sou kondisyon sa, gade [Piblikasyon IRS No. 519, Etazini Gid Fiskal pou Etranje yo \(an anglè\)](#)

Q B4. Èske mwen menm, oswa timoun mwen yo, bezwen genyen nimewo Sekirite Sosyal pou kalifye pou Kredi enpo pou Timoun nan? (ajoute 14 Jen 2021)

A4. Oumenm — oswa konjwen w lan, si ou marye epi fè yon deklarasyon konjwen — dwe genyen yon nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) oswa yon Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl IRS (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN). W ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo sèlman si ou te itilize SSN oswa ITIN kòrèk ou lè ou te fè deklarasyon enpo 2020 w lan oswa deklarasyon enpo 2019 la (ansanm avèk lè ou te rantre enfòmasyon nan zouti Non-Deklaran an sou IRS.gov an 2020).

Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo ap fèt pou chak timoun kalifye ki genyen yon SSN ki valid pou travay nan Etazini.

Q B5. Kisa sa vle di yon nimewo Sekirite Sosyal ki valid pou travay? (ajoute 14 Jen 2021)

A5. Pou timoun kalifye yo, yon SSN valid se youn ki [valid pou travay \(an anglè\)](#) nan Etazini epi Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) te bay anvan dat ki te prevwa pou deklarasyon enpo 2021 w lan (ansanm avèk pwolongasyon yo).

Si yon endividi te yon sitwayen Ameriken lè li te resevwa SSN nan, alòs, li valid pou travay nan Etazini. Si “Pa Valid pou Travay” enprime sou kat Sekirite Sosyal endividi an epi estati imigrasyon endividi ante chanje pouli kapab kounya yon sitwayen Ameriken oswa rezidan pèmanan, mande SSA a yon [nouvo kat Sekirite Sosyal \(an anglè\)](#).

Sepandan, si “Valid pou Travay Sèlman Avèk Otorizasyon DHS (Department of Homeland Security, Depatman Sekirite Enteryè)” enprime sou kat Sekirite Sosyal endividi an, endividi an genyen SSN yo mande a sèlman toutotan otorizasyon Depatman Sekirite Enteryè a valid.

Q B6. Èske m ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo si timoun kalifye mwen an mouri nan 2021 an? (ajoute 14 Jen 2021)

A6. Wi. Si timoun kalifye ou an te vivan nan 2021 an epi te viv avèk ou pandan plis pase mwatye tan li te vivan an nan 2021 an, alòs timoun ou an se yon timoun kalifye nan objektif pou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an. An konsekans, w ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou timoun kalifye w la.

Q B7. Paske deklarasyon enpo 2019 mwen an pa t genyen okenn timoun kalifye oswa te montre yon gwo montan revni, mwen pa t resevwa Kredi Enpo pou Timoun 2019 la. Sepandan, mwen kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan dapre enfòmasyon 2020 mwen yo. Kisa mwen ka fè kounya pou mwen resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo nan 2021 an? (ajoute 14 Jen 2021)

A7. Fè deklarasyon enpo 2020 w lan. Malgre ou pa t resevwa Kredi Enpo pou Timoun nan dapre deklarasyon enpo 2019 ou a, ou ka resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo dapre kantite timoun kalifye yo pèmèt pou deklarasyon enpo 2020 w lan. Peman an ap kòmanse nan Jiyè oswa nan mwa ki vini annapre yo fin trete deklarasyon enpo 2020 w lan, pi ta posib.



Q B8. Kòman mwen ka konnen si mwen kalifye pou peman avans yo? (ajoute 21 Jen 2021)

A8. Pou ou wè si ou kalifye pou peman avans yo, itilize [Asistan Kalifikasyon pou Avans Kredi Enpo pou Timoun nan \(an anglè\)](#).

Q B9. Yo te voye peman mwen an men mwen pa t resevwa li. Kisa mwen kaf è? (ajoute 21 Jen 2021)

A9. Ou ka fè demann yon swivi peman si o upa t resevwa li nan delè yo ki anba a. Nou p apa k swiv peman w lan sof si te gen:

- 5 jou depi depo a te fèt epi bank lan di li pa t resevwa peman an
- 4 semenn depi yo te voye peman sou fòm chèk pa lapòs nan yon adrès estanda
- 6 semenn depi yo te voye peman an pa lapòs, epi ou gen yon adrès pou reyekspeidasyon nan dosye w nan biwo lapòs local la
- 9 semenn depi peman an te fèt pa lapòs, epi ou gen yon adrès aletranje

Pou kòmanse yon swivi peman, konplete pou voye nan lapòs oswa fax yon [Fòm 3911, Deklarasyon Kontribyab Konsènan Ranbousman \(an anglè\)](#)

Q B10. Kisa kalifikasyon an sispens vle di nan Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (ajoute 21 Jen 2021)

A10. Nou toujou ap ekzamine kont ou pou kalifikasyon an. Ou ka kontinye verifye pou aktyalizasyon estati yo nan [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan \(an anglè\)](#).

Q B11. Poukisa mwen pa kalifye? (ajoute 21 Jen 2021)

A11. Gade [Kiyès ki kalifye pou Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo? \(an anglè\)](#).

Q B12. Èske mwen ka toujou jwenn peman menmsi mwen poko kalifye? (ajoute 21 Jen 2021)

A12. Non. Ou p ap resevwa peman avans CTC jiskaske nou konfime kalifikasyon w. Si nou pa anmezi pou nou konfime kalifikasyon ou nan 2021 an, ou ka kalifye pou w reklame tout Kredi Enpo pou Timoun 2021 an lè ou fè deklarasyon enpo 2021 an.

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo - Sijè C: Kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 an

Q C1. Ki montan Kredi Enpo pou Timoun nan pou 2021 an?

A1. Pou ane fiskal 2021 an, Kredi Enpo pou Timoun nan ogmante apati \$2 000 pou chak timoun kalifye pou ale nan:

- \$3 600 pou timoun 5 lane epi mwens nan fen 2021 an; epi
- \$3 000 pou timoun soti 6 lane pou rive 17 lane yo nan fen 2021 an.

Nòt: Kredi \$500 ki pa ranbousab la pou montan Lòt Depandan yo pa t chanje. Pou plis enfòmasyon konsènan Kredi pou Lòt Depandan yo, gade [Piblikasyon IRS No. 972, Kredi Enpo pou Timoun ak Kredi pou Lòt Depandan yo \(an anglè\)](#).

Q C2. Èske montan Kredi Enpo pou Timoun mwen an ka redui parapò ak montan revni 2021 mwen an?

A2. Wi. Kredi Enpo pou Timoun nan ap diminye pwogresivman nan de (2) etap diferan dapre revni brit ajiste ki modifiye (Adjusted Gross Income, AGI) nan 2021 an.

Premye diminasyon an ka redui Kredi Enpo pou Timoun nan jiska \$2 000 pa timoun.

- Sa vle di, premye etap diminasyon an ka redui sèlman ogmantasyon \$1 600 pou timoun kalifye ki gen 5 lane ak mwens yo, epi ogmantasyon \$1 000 pou timoun kalifye ki genyen soti 6 lane pou rive 17 lane yo, nan fen 2021 an.



Dezyèm diminisyon an ka redui Kredi Enpo pou Timoun ki rete a pi ba \$2 000 pa timoun.

Pou enfòmasyon adisyonèl sou montan AGI ki modifiye yo ki redui Kredi Enpo pou Timoun 2021 an, gade QC-4 ak QC-5, anba a.

Q C3. Kisa ki AGI modifiye mwen an?

A3. Nan objektif pou Kredi Enpo pou Timoun nan ak peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, AGI modifiye w la se revni brit ajiste w (soti nan Fòm 1040 IRS 2020 an, liy 11, oswa Fòm 1040 IRS 2019 la, liy 8b), plis montan annapre yo ki ka aplike pou ou.

- Tout montan sou liy 45 oswa liy 50 nan Fòm 2555 IRS 2020 oswa 2019 la, Revni ki Rantre Aletranje.
- Tout montan ki te eskli nan revni brit la paske li soti nan yon sous ki Pòtoriko oswa Samoa Amerikèn.

Si ou pa gen youn nan sa ki anlè yo, AGI modifiye w la se menm ak AGI w la.

Q C4. Kòman premye diminisyon an redui Kredi Enpo pou Timoun 2021 an jiska \$2 000 pa timoun?

A4. Kredi Enpo pou Timoun nan kòmanse redui jiska \$2 000 pa timoun si AGI modifiye w la an 2021 an depase:

- \$150 000 si ou marye epi fè yon deklarasyon konjwen oswa si w ap deklare antanke yon vèf oswa vèv ki kalife;
- \$112 500 si w ap deklare antanke chèf fwaye; oswa
- \$75 000 si ou se yon deklaran selibatè oswa marye epi fè yon deklarasyon separe.

Premye diminisyon an redui Kredi Enpo pou Timoun nan pa \$50 pou chak \$1 000 (oswa fraksyon sa a) avèk sa, AGI modifiye w la depase sèy revni ki dekri anlè a ki aplikab pou ou a.

Q C5. Kòman dezyèm diminisyon an redui \$2 000 Kredi Enpo pou Timoun ki rete a?

A5. Kredi Enpo pou Timoun nan p ap kòmanse redui pi ba \$2 000 pa timoun jiskaske AGI modifiye w la an 2021 an depase:

- \$400 000 si ou marye epi fè yon deklarasyon konjwen; oswa
- \$200 000 pou tout lòt estati deklarasyon yo.

Dezyèm diminisyon an redui Kredi Enpo pou Timoun nan pa \$50 pou chak \$1 000 (oswa fraksyon sa a) avèk sa, AGI modifiye w la depase sèy revni ki dekri anlè a ki aplikab pou ou a.

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo - Sijè D: Kalkil Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo

Q D1. Kòman yo detèminen montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo?

A1. N ap detèminen montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo lè nou kalkile montan Kredi Enpo pou Timoun ou pral reklame sou deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezon deklarasyon enpo 2022 a.

Nou kalkile Kredi Enpo pou Timoun 2021 ou an dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon enpo 2020 ki trete a. Si nou pa t trete deklarasyon enpo 2020 w lan lè nou detèminen montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou an pou tout mwa apati Jiyè, n ap kalkile montan Kredi Enpo pou Timoun 2021 ou an dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon enpo 2019 ou a (ansanm avèk enfòmasyon ou te rantre nan zouti Non-Deklaran an sou IRS.gov la nan 2020 an). Depi nou fin trete deklarasyon 2020 w lan, nou pral kalkile peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo epi ajiste tout peman mansyèl ki rete yo.



Nòt: Montan peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo pa genyen \$500 Kredi pou Lòt Depandan yo, ki pa ranbousab. Pou plis enfòmasyon konsènan Kredi pou Lòt Depandan yo, gade [Piblikasyon IRS No. 972, Kredi Enpo pou Timoun ak Kredi pou Lòt Depandan yo \(an anglè\)](#)

Q D2. Konbyen m ap resevwa nan peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo?

A2. Montan total peman Kredi Enpo pou Timoun ou an ap egal ak mwatye montan Kredi Enpo pou Timoun 2021 kalkile w la. Epi yo divize montan sa a an peman masyèl voye ba ou.

An konsekans:

- Pou chak nan timoun kalifye w yo ki genyen 5 lane oswa mwens, w ap resevwa jeneralman \$300. Yo detèminen sa lè yo divize \$3 600 an mwatye, ki bay \$1 800. Sis (6) peman masyèl \$300 ap ba ou \$1 800.
- Pou chak nan timoun kalifye w yo ki genyen 6 jiska 17 lane, w ap resevwa jeneralman \$250. Yo detèminen sa lè yo divize \$3 000 an 2, ki bay \$1 500. Sis (6) peman masyèl \$250 ap ba ou \$1 500.

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo - Sijè E: Pwosesis Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun nan

Q E1. Si mwen kalifye pou resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, kilè m ap kòmanse resevwa peman yo? (an anglè) (aktyalize 21 Jen 2021)

A1. Peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ap fèt an vèsman masyèl apati 15 Jiyè 2021 jiska fen Desanm 2021. W ap jwenn plis detay sou kilè ou ta dwe espere resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo byento.

| Mwa Peman | Dat Peman |
|-----------|------------|
| Jiyè | 7/15/2021 |
| Dawout | 8/13/2021 |
| Sektanm | 9/15/2021 |
| Oktòb | 10/15/2021 |
| Novanm | 11/15/2021 |



| | |
|--------|------------|
| Desanm | 12/15/2021 |
|--------|------------|

Q E2. Kòman m ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo?

A2. Si IRS la te resevwa enfòmasyon bankè ou yo, y ap voye peman w lan ba ou pa mwayen depo dirèk. N ap itilize enfòmasyon bankè yo apati sous sa yo, nan lòd sa a ki annapre a:

- Deklarasyon enpo 2020 w lan.
- Deklarasyon enpo 2019 ou a, ansanm avèk enfòmasyon ou te rantre nan zouti Non-Deklaran sou IRS.gov nan 2020 an.
- Enfòmasyon ou te rantre nan Resevwa Peman Mwen nan 2020 an.
- Yon ajans federal ki ba ou avantaj, tankou: Administrasyon Sekirite Sosyal, Depatman Afè Veteran, oswa Komisyon Retrèt Fewovye a.

Si nou pa genyen enfòmasyonn bankè pou nou ba ou yon depo dirèk, n ap voye peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo pa mwayen lapòs.

Q E3. Mwen te fè yon deklarasyon enpo 2020 dènyeman. Èske mwen bezwen fè lòt bagay pou mwen resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo?

A3. Non. Ou pa bezwen antreprann okenn aksyon anplis apre ou fin fè deklarasyon enpo 2020 w lan pou w resevwa peman mansyèl yo.

Si ou te deja resevwa youn oswa plis peman sou deklarasyon enpo 2019 ou a, montan peman w lan ka chanje apre nou fin trete deklarasyon enpo 2020 w lan. Sinon, peman mansyèl ou yo ta dwe kòmanse nan Jiyè oswa nan mwa ki vini annapre yo fin trete deklarasyon enpo 2020 w lan, pi ta posib.

Q E4. Yo te itilize deklarasyon enpo 2019 mwen an pou detèminen peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Mwen te fè deklarasyon enpo 2020 mwen an dènyeman avèk yon montan revni diferan. Èske IRS la ap mete montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo ajou?

A4. Wi. Y ap rekalkile peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo apre IRS fin trete deklarasyon enpo 2020 w lan. N ap ajiste rès peman ou yo nan 2021 an pou ogmante oswa diminye montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo ki ta dwe vèse ba ou nan 2021 an.

Q E5: Èske mwen bezwen fè yon deklarasyon amande pou mwen resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (mizajou 24 jen 2021)

A5. Non. Yo pa mande ou pou fè yon deklarasyon amande pou w resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Jan sa prevwa nan Sijè E sa a, si IRS la pa t trete deklarasyon enpo 2020 w lan nan dat detèminasyon yon peman avans Kredi Enpo pou Timoun, n ap detèminen montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun sa a dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon enpo 2019 ou a.

W ap kapab mete ajou enfòmasyon w yo atravè Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP). Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP a ak kòman pou mete ajou enfòmasyon w yo, gade [Sijè F: Mete ajou Enfòmasyon Kredi Enpo pou Timoun nan Pandan 2021 an.](#)



Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo - Sijè F: Aktyalize Enfòmasyon sou Kredi Enpo pou Timoun ou an nan 2021 an

Q F1. E si enfòmasyon apwopo labank mwen an, adrès postal, revni, oswa fanmi te chanje nan 2021 an?

A1. IRS mete sou IRS.gov la yon [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun \(CTC UP\)](#) anvan premye peman yo kòmanse, okòmansman sa ap pèmèt ou sèlman seleksyone, li pa pèmèt ou resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pandan 2021 an. Ap gen plis fonksyonalite k ap ajoute nan ane a, ki pral pèmèt ou:

1. Mete ajou adrès postal ou;
2. Ajoute oswa soustrè kantite timoun kalifye ou yo, ansanm avèk rezon nesans oswa adopsyon yon timoun;
3. Sinyale yon chanjman nan estati marital ou; epi
4. Sinyale yon chanjman nan revni ou.

Si ou ta renmen jwenn peman w lan pa mwayen depo dirèk, men ou pa genyen yon kont, anpil enstitisyon finansyè ap ede ou louvri yon kont pou yon ti kras lajan oswa gratis. Vizite [sit entènèt Sosyete Federal Asirans Depo a \(an anglè\)](#) pou detay sou kòman pou louvri yon kont anliy oswa itilize zouti [BankFind \(an anglè\)](#) FDIC a pou lokalize yon bank ki asire nan FDIC. [BankOn \(an anglè\)](#), [Asosyasyon Bankye Ameriken \(an anglè\)](#), [Kominote Bankye Endepandan nan Amerik la \(an anglè\)](#), [Administrasyon Inyon Kredi Nasyonal \(an anglè\)](#) genyen lis bank ak koperativ kredi ki ka louvri yon kont anliy. Y ap bay plis detay sou CTC UP atravè kesyon sa yo ak repons sa yo lè pòtal la disponib.

Q F2. Kisa ki Revni Brit Ajiste modifye a? Kòman mwen kapab jwenn pa mwen an?

A2. Yo itilize Revni Brit Ajiste (AGI) Modifye a pou kalkile montan peman pou Kredi Enpo pou Timoun nan. AGI modifye ki nan deklarasyon taks ou a te itilize pou kalkile montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun 2021 an.

Jwenn AGI Modifye w la

AGI Modifye pou Kredi Enpo pou Timoun ou an egal:

- **Revni brit ajiste** ki nan deklarasyon taks ou a.
 - Jwenn Revni Brit Ajiste nan Dosye Fiskal ou sou [kont anliy](#) ou oswa liy 11 nan [Fòm 1040 2020 w lan, Deklarasyon Taks sou Revni Etazini](#), oswa liy 8b nan Fòm 1040 2019 ou a.

Anplis (si sa aplike):

- **Tout montan nan liy 45 oswa liy 50** nan [Fòm 2555, Revni Aletranje \(an anglè\)](#).

Oswa

- **Tout montan ki eskli nan revni brit** akoz yo te resevwa li nan sous ki Pòtoriko oswa American Samoa.

Si ou pa genyen youn nan sa ki pi wo yo, AGI modifye w la se menm ak AGI w la

Q F3. Kòman mwen ka deklare chanjman ki fèt nan Revni Brit Ajiste mwen (AGI)?

A3. Konekte sou [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun](#) nan, klike sou "Jere Peman Avans yo" epi w ap wè "Deklare Chanjman nan Vi".

Q F4. Kisa k ap rive peman avans mwen yo si mwen deklare chanjman ki fèt nan Revni Brit Ajiste (AGI) mwen an?

A4. Montan peman avans ou yo ap ajiste pou li koresponn ak Revni Brit Ajiste (AGI) modifye w la.



- **Si AGI modifiye aktyalize w la pi wo:** Peman avans ou an ka diminye.
- **Si AGI modifiye aktyalize w la pi piti:** Peman avans ou an ka ogmante.

Q F5. Revni mwen te chanje nan 2021 an. Poukisa mwen ta dwe deklare chanjman nan Revni Brit Ajiste (AGI) modifiye a ki itilize pou kalkile peman avans mwen yo?

A5. Peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo baze sou Revni Brit Ajiste (AGI) modifiye ki nan deklarasyon taks ou oswa nan chanjman nan vi a ou deklare ba nou. Si ou espere AGI modifiye w pou 2021 an ap diferan pa rapò ak sa 2020 an, ou ka vle bay yon aktyalizasyon nan [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun](#) nan. Si revni ou te ogmante anpil, yon aktyalizasyon ap ajiste peman avans ki rete yo pou ede anpeche ou dwe taks adisyonèl lè ou depoze deklarasyon taks 2021 an nan 2022 a.

Konsidere deklare yon chanjman ki fèt nan AGI modifiye w la, sèlman si:

- Si ou espere AGI modifiye w la nan 2021 an ap pi plis pase sèy ki annapre a, **oswa**
- AGI modifiye w la nan 2020 an te pi plis pase sèy ki annapre a

Sèy AGI Modifiye pou Kalkil Montan Peman yo pou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an

| Kondisyon Fiskal | Sèy AGI Modifiye |
|---|------------------|
| Selibatè oswa Marye k ap deklare separe | \$75,000 |
| Chèf fwaye | \$112,500 |
| Marye k ap deklare konjwen oswa Vèv Kalifye | \$150,000 |

Q F6. Mwen te deklare antanke Marye k ap deklare konjwen pou 2020 an. Kiyès ki ta dwe deklare chanjman nan Revni Brit Ajiste (AGI) modifiye nou an?

A6. Ou kapab fè chanjman yo si yo planifye pouf è deklarasyon Marye k ap deklare konjwen nan deklarasyon taks 2021 w lan avèk menm moun nan nan deklarasyon taks 2020 w lan. Nan ka sa, se sèlman youn nan nou ki bezwen deklare chanjman nan Revni Brit Ajiste (AGI) modifiye nou an. Aktyalizasyon an ap aplike pou nou toude (2) epi l ap afekte toude (2) peman nou yo.

Q F7. Revni 2021 mwen an ap diferan anpil parapò ak revni ki nan deklarasyon enpo 2020 mwen te deklare a. Èske IRS la ap mete peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo ajou pou konsidere chanjman sa?

A7. Wi. Si ou itilize Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) pou w bay revni aktyèl ou a. Pita nan 2021 an, pòtal ajou sa a ap pèmèt ou mete ajou revni ou planifye pou w deklare nan deklarasyon enpo 2021 w lan pou nou ka chanje kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 w lan. Sa ap pèmèt nou chanje montan peman mansyèl avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo. Y ap bay plis detay sou CTC UP a atravè kesyon sa yo ak repons sa yo lè pòtal la disponib.



Q F8. E si mwen deklare yon timoun nan deklarasyon enpo 2021 mwen an men mwen pa t deklare timoun sa nan deklarasyon enpo 2020 mwen an?

A8. Premye peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ap baze sou timoun ou te deklare pou Kredi Enpo pou Timoun nan deklarasyon enpo 2020 w lan (oswa deklarasyon enpo 2019 la, si deklarasyon enpo 2020 w lan pa t trete nan dat detèminasyon peman an pou tout peman mansyèl avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo).

Pita nan ane sa a, Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) ap ajou pou pèmèt ou enfòm nou sou timoun kalifye ou pral deklare nan deklarasyon enpo 2021 w lan pou nou ka ajiste Kredi Enpo pou Timoun kalkile 2021 w lan – e konsa n ap ajiste montan peman mansyèl avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo.

Si ou pa resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou yon timoun kalifye w ap deklare an 2021, ou ka reklame montan total valab Kredi Enpo pou Timoun nan pou timoun sa lè ou fè deklarasyon enpo 2021 w lan.

Y ap bay plis detay sou CTC UP atravè kesyon sa yo ak repons sa yo lè pòtal la disponib.

Q F8. E si mwen deklare yon timoun nan deklarasyon enpo 2021 mwen an men mwen pa t deklare timoun sa nan deklarasyon enpo 2020 mwen an?

A8. Premye peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ap baze sou timoun ou te deklare pou Kredi Enpo pou Timoun nan deklarasyon enpo 2020 w lan (oswa deklarasyon enpo 2019 la, si deklarasyon enpo 2020 w lan pa t trete nan dat detèminasyon peman an pou tout peman mansyèl avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo).

Pita nan ane sa a, Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) ap ajou pou pèmèt ou enfòm nou sou timoun kalifye ou pral deklare nan deklarasyon enpo 2021 w lan pou nou ka ajiste Kredi Enpo pou Timoun kalkile 2021 w lan – e konsa n ap ajiste montan peman mansyèl avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo.

Si ou pa resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou yon timoun kalifye w ap deklare an 2021, ou ka reklame montan total valab Kredi Enpo pou Timoun nan pou timoun sa lè ou fè deklarasyon enpo 2021 w lan.

Y ap bay plis detay sou CTC UP atravè kesyon sa yo ak repons sa yo lè pòtal la disponib.

Q F9. Kisa mwen dwe fè pou mwen dezenscri pou sispann resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo?

A9. Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) ap pèmèt ou dezenscri pou sispann resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Y ap bay plis detay sou CTC UP atravè kesyon sa yo ak repons sa yo lè pòtal la disponib.

Q F10. Kòman peman Kredi Enpo pou Timoun nan ak peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ki elaji epi ogmante yo, ki kouple avèk aktyèl prelèvman taks sou revni ki fèt peman mwen an, afekte montan ranbousman taks mwen oswa balans mwen genyen sou deklarasyon taks sou revni pou ane 2021 an

A105. Apati jiyè 2021, IRS la te kòmanse fè peman avans mansyèl Kredi Enpo pou Timoun yo pou kontribyab yo. Pou anpil kontribyab, montan Kredi Enpo pou Timoun 2021 an te ogmante tou, konpare ak montan Kredi Enpo pou Timoun 2020 an. Sepandan, peman avans total yo ka pi gwo pase tout ogmantasyon ki fèt nan kredi 2021 an, toudepann de sikonstans kontribyab la. Pou kontribyab nan sitiasyon sa a ki pa fè anyen nan 2021 an pou ajiste prelèvman taks sou revni ki fèt nan peman yo (epi ki pa dezenscri nan peman avans mansyèl yo), montan ranbousman taks yo resevwa nan 2022 a ka diminye, konpare ak ranbousman yo resevwa nan 2021 an, oswa balans yo dwe nan 2022 a avèk deklarasyon taks sou revni 2021 yo a ka ogmante, konpare ak balans yo dwe nan 2021 an. Kèk kontribyab ka chanje pou yo jwenn yon ranbousman an 2021 nan plas dwe yon balans nan 2022.

Pa konsekan, kontribyab ki resevwa yon ti ranbousman oswa ki te gen yon balans lè yo te depoze deklarasyon taks yo pou 2020 an nan 2021 an ta dwe konsidere dezenscri nan peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, aktyalize Fòm W-4 yo a pandan y ap rantre yon montan adisyonèl pou yo preleve chak peryòd peman nan etap 4c nan fòm nan, oswa fè peman taks estime chak trimès pou rès ane 2021 an.

Pou plis enfòmasyon sou kòman yo kalkile ak vèse peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo, gade Sijè D: Kalkil Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo, ak Sijè E: Pwosesis Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun nan. Ou kapab dezenscri nan peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo atravè [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan \(CTC UP\)](#). Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP a, gade [Sijè F: Aktyalizasyon Enfòmasyon sou Kredi Enpo pou Timoun ou Pandan 2021 an](#).



Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo - Sijè G: Resevwa Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo

Q G1: Kisa mwen ka fè si mwen panse montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen an pa kòrèk nan yon mwa?

A1: Premyeman, ou ta dwe verifye Lèt 6417 IRS ap voye ba ou pa lapòs la anvan ou resevwa premye peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou an. Lèt sa ap enfòmè ou sou montan kalkile Kredi Enpo pou Timoun ou an pou ane fiskal 2021 an ak montan peman kalkile avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo.

Si ou te fè yon deklarasyon enpo 2019, ou pa t fè yon deklarasyon enpo 2020, ou ta dwe fè yon deklarasyon enpo 2020 osito posib pou ou bay IRS la plis enfòmasyon aktyèl. W ap kapab bay enfòmasyon aktyèl yo pita nan ane sa a tou, pandan w ap itilize [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan \(CTC UP\)](#). Si ou te fè yon deklarasyon enpo 2020, w ap kapab itilize CTC UP pou w bay enfòmasyon aktyèl yo tou.

Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP, gade [Sijè F: Mete ajou Enfòmasyon Kredi Enpo pou Timoun nan Pandan 2021 an](#).

Q G2: Èske peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo ap redui si mwen dwe taks nan ane anvan yo oswa lòt dèt federal oswa leta?

A2: Non. Peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo p ap redui (sa vle di, konpanse) pou taks ou dwe ou pa peye nan ane ki pase yo oswa lòt dèt federal oswa leta ou dwe.

Sepandan, si ou resevwa yon ranbousman lè ou fè deklarasyon enpo 2021 w lan, tout rès montan Kredi Enpo pou Timoun yo ki nan ranbousman w lan ka yon konpansasyon pou dèt enpo oswa lòt dèt federal oswa leta ou dwe.

Q G3: Èske peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo ap konpanse si konjwen mwen an oswa mwen menm, dwe pansyon alimantè timoun?

A3: Non.

Q G4: Èske yo ka sezi peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen an?

A4: Wi. dapre lalwa federal la, kreyansye ki pa federal yo ka sezi oswa kanpe peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Kidonk, nan mezi lalwa eta a ak gouvènman an pèmèt sa, peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo ka sezi oswa kanpe pa eta a, gouvènman an, ak kreyansye prive yo, avèk konfòmeman ak yon desizyon lajistis ki enplike yon pati ki pa federal (ki ka gen ladan amand ki lye ak yon krim, frè jistis administratif, restitasyon, ak lòt dèt yon lakou tribinal òdone). Kèk eta ak enstitisyon finansyè te chwazi aji pou pwoteje peman sa yo sepandan; e peman sa yo toujou pwoteje kont konpansasyon pa gouvènman federal la. Parekzanp, si yon kontribyab gen yon jijman kont li yon pati prive genyen epi li dwe enpo federal ki evalye, IRS la p ap soumèt peman an nan konpansasyon nan sa ki gen pou wè ak enpo federal yo.

Q G5: Èske mwen bezwen deklare yon konjwen ki blese (Fòm 8379) si konjwen mwen an gen yon dèt federal oswa leta epi mwen menm mwen pa dwe?

A5: Non. Peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo p ap redui (sa vle di, konpanse) pou taks ou dwe ou pa peye nan ane ki pase yo oswa lòt dèt federal oswa leta konjwen w lan dwe.

Sepandan, si ou fè yon deklarasyon enpo 2021 konjwen avèk konjwen w lan epi nou resevwa yon ranbousman, tout rès montan Kredi Enpo pou Timoun yo ki nan ranbousman w lan ka yon konpansasyon pou dèt enpo oswa lòt dèt federal oswa leta ou dwe. Ou ka depoze [Fòm 8379 \(an anglè\)](#) avèk deklarasyon enpo 2021 w lan.

Q G6: Mwen te fè deklarasyon enpo 2020 mwen an avèk yon adrès nan Etazini malgre mwen menm ak timoun mwen an p ap viv Ozetazini. Mwen te resevwa Lèt 6417 nan adrès Etazini mwen an ki di IRS ap kòmanse vèsè peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou mwen. Kisa mwen ka fè?

A6: Ou pa gen dwa pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Ou ka kalifye pou w reklame Kredi Enpo pou Timoun nan lè ou fè deklarasyon enpo 2021 an men ou ka pa kapab reklame tout \$3 000 oswa \$3 600 pa timoun kalifye paske kay prensipal ou a p ap Ozetazini pandan plis pase mwatye ane 2021. Peman avans nou voye pou ou a ka depase montan Kredi Enpo pou Timoun y ap pèmèt ou reklame sou deklarasyon enpo 2021 w lan ane pwochèn.



Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) ap pèmèt ou dezenskri pou w sispann resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP, gade [Sijè F: Mete ajou Enfòmasyon Kredi Enpo pou Timoun nan Pandan 2021 an](#).

Q G7: Mwen te resevwa youn oswa plizyè peman avans Kredi Enpo pou Timoun pou timoun kalifye mwen an, men timoun sa te anmenaje avèk lòt paran li nan Mas 2021. Kisa mwen ta dwe fè?

A7. Ou ta dwe antreprann youn nan aksyon sa yo annapre a:

- Dakò ansanm ak lòt paran timoun kalifye a pou li pèmèt ou deklare timoun sa pou Kredi Enpo pou Timoun nan pou 2021. Ou dwe resevwa nan men lòt paran timoun ou an yon [Fòm siyen 8332, ki gen tit Revokasyon Renonsyasyon pou Demann Ekzanpsyon pou Timoun pa Paran k ap Gade li a \(Release/Revocation of Release of Claim to Exemption for Child by Custodial Parent\)](#), epi atache li nan deklarasyon enpo 2021 w lan kote w ap reklame Kredi Enpo pou Timoun nan.
- Panse ak itilize [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan \(CTC UP\)](#) pou dezenskri pou ou sispann resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, oswa pou w retire timoun sa nan enfòmasyon sou Kredi Enpo pou Timoun ou te bay IRS la. An konsekans, pwochen montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou yo ap redui pou konsidere dezenskripsyon w lan oswa retrè timoun sa.

Si ou pa antreprann okenn aksyon, ou ka bezwen repeye IRS la montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou te resevwa ki baze sou timoun sa lè ou fè deklarasyon enpo 2021 w lan ane pwochèn.

Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP, gade [Sijè F: Mete ajou Enfòmasyon Kredi Enpo pou Timoun nan Pandan 2021 an](#).

Q G8: Si mwen te sinyale mwen te yon viktim vòl idantite ki lye ak taks, kòman m ap ka asire m ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo?

A8. Si ou te sinyale ou te yon viktim [vòl idantite ki lye ak taks \(an anglè\)](#), IRS la p ap vèse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ba ou jiskaske pwoblèm vòl idantite ki lye ak taks ou a rezoud. W ap jwenn plis detay apwopo vòl idantite ki lye ak taks nan kesyon ak repons sa yo.

Q G9: Si mwen sispèk mwen viktim vòl idantite ki lye ak taks, kisa mwen ka fè pou mwen asire m ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo?

A9. Si ou kwè ou se yon viktim vòl idantite ki lye ak taks, epi ou pa t sinyale pwoblèm nan bay IRS, ou ta dwe pran mezi pou pwoteje tèt ou. Depoze yon [Fòm 14039, Afidavi Vòl Idantite \(an anglè\)](#) PDF nan [IdentifyTheft.gov \(an anglè\)](#) oswa depoze Fòm 14039 fòma papyè.

IRS la p ap vèse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ba ou jiskaske pwoblèm vòl idantite ki lye ak taks ou a rezoud. Si ou pa resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou yon timoun kalifye w ap deklare an 2021, ou ka reklame montan total valab Kredi Enpo pou Timoun nan pou timoun sa lè ou fè deklarasyon enpo 2021 w lan.

Q G10: Kisa mwen bezwen fè pou mwen resevwa peman avans yo? (ajoute 21 jen 2021)

A10. N ap itilize deklarasyon enpo 2019 oswa 2020 w lan, oswa enfòmasyon ou te antre nan zouti Non-Deklaran an sou IRS.gov nan lane 2020 an pou w enskri pou Peman Enpak Ekonomik yo, pou detèminen si ou kalifye epi enskri ou otomatikman. Ou pa bezwen antreprann okenn aksyon anplis.

Si ou pa t genyen pou deklare enpo ou yo ane sa a oswa ane pase, epi ou pa t enskri pou Peman Enpak Ekonomik yo ane pase, ou kapab toujou itilize e [Zouti Enskripsyon Non-Deklaran \(an anglè\)](#) an pou ou konekte pou peman Kredi Enpo pou Timoun yo.

Q G11: Poukisa mwen te resevwa peman avans mansyèl Kredi Enpo pou Timoun nan sou fòm papyè chèk nan bwat postal mwen? (ajoute 19 dawou 2021)

A11. IRS la ap voye peman avans Kredi Enpo pou Timoun nan ba ou sou fòm papyè chèk nan bwat postal ou si IRS la pa genyen enfòmasyon kont labank ou pou li voye peman w lan pou ou pa depo dirèk.

Epitou, si ou te genyen yon kont labank ki fèmen oswa ki pa valid nan dosye w, IRS la ap retounen voye peman an sou fòm papyè chèk nan bwat postal ou. Pou plis enfòmasyon sou kòman pou ou bay oswa aktyalize enfòmasyon kont



labank ou, gade [FAQ \(Kesyon yo Poze Souvan\) F1: Ki enfòmasyon, konsènan bank mwen, adrès postal mwen, revni mwen, oswa fanmi mwen, ki chanje nan 2021 an?](#)

Q G-12: Mwen ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun nan sou fòm papye chèk nan bwat postal mwen paske kont labank IRS genyen nan dosye mwen an te fèmen oswa pa t valid. Poukisa Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) montre yon montan peman ki plis pase sa mwen resevwa a (ajoute 19 dawou 2021)

A12. Montan ki parèt sou Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) pa yon montan ki kòrèk. Montan kòrèk peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou an se montan ou resevwa kòm papye chèk nan bwat postal ou a. IRS la ap travay pou li korije erè sa a sou CTC UP.

Enfòmasyon Adisyonèl: si ou te gen yon kont labank ki fèmen oswa ki pa valid nan dosye ou nan IRS la, IRS la ap retounen voye peman avans Kredi Enpo pou Timoun nan pou ou sou fòm papye chèk nan bwat postal ou. Si CTC UP a montre yon montan peman ki pa kòrèk, souvan, montan peman enkòrèk sa ap de (2) fwa montan ou te atann ou t ap resevwa a. Sa vle di, montan peman enkòrèk sa ape gal sòm montan ou te resevwa nan bwat postal ou a ak montan IRS te premye eseye voye pou ou pa depo dirèk la men ki pa t ka ale a.

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo - Sijè H: Rekonsilyasyon Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo sou Deklarasyon Enpo 2021 w lan

Q H1. Kòman mwen ka rekonsilye peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo ak Kredi Enpo pou Timoun mwen an sou deklarasyon enpo 2021 mwen an?

A1. Lè w ap fè deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezon deklarasyon enpo 2022 a, w ap bezwen konpare:

1. Montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ou te resevwa nan 2021 an; avèk
2. Montan Kredi Enpo pou Timoun ou kapab reklame kòm sadwa nan deklarasyon enpo 2021 w lan.

Montan Aleksè Kredi Enpo pou Timoun: Si montan Kredi Enpo pou Timoun nan depase montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, ou ka reklame montan Kredi Enpo pou Timoun ki rete a sou deklarasyon enpo 2021 w lan.

Montan Aleksè Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun nan: Si ou resevwa yon montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ki depase montan Kredi Enpo pou Timoun nan ke ou ka reklame kòm sadwa nan ane fiskal 2021 w lan, ou ka bezwen ranbouse IRS la kèk oswa tout eksè peman sa.

An Janvyè 2022, IRS la ap voye ba ou lèt 6419 pou ba ou montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun ki te vèse ba ou nan 2021 an. Tanpri konsève lèt sa konsènan peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk dosye fiskal ou yo. Ou ka bezwen refere lèt sa lè w ap fè deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezon deklarasyon enpo 2022 a.

Q H2. Kòman montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun nan ka pi plis pase montan Kredi Enpo pou Timoun 2021 mwen an?

A2. Montan peman avans Kredi enpo pou Timoun yo ou resevwa nan 2021 an baze sou estimasyon IRS sou montan Kredi Enpo pou Timoun yo t ap ba ou pou ane fiskal 2021 an. Lwa a ekzije pou estimasyon sa baze sou de (2) sous enfòmasyon prensipal:

1. Deklarasyon enpo 2020 w lan oswa, si deklarasyon sa pa disponib, deklarasyon enpo 2019 ou a; ak
2. Tout enfòmasyon aktyalize ou bay IRS la nan 2021 an, sa gen ladan enfòmasyon ou bay atravè Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP), k ap pèmèt ou mete ajou ansanm ak IRS la enfòmasyon Kredi Enpo pou Timoun ou yo nan 2021 an, ansanm ak tout chanjman nan kantite timoun kalifye w yo, chanjman nan revni ou, ak chanjman nan estati deklarasyon w yo.



Fanmi ak sitiyasyon lavi a kapab soup nan yon ane. Lis sa ki annapre a bay kèk ekzanp chanjman ki te ka lakoz peman aleksè avans Kredi Enpo pou Timoun yo.

- Yon timoun kalifye ki rezide avèk ou ka chanje kay pandan ane 2021 an epi rezide pandan plis pase mwatye ane fiskal 2021 an avèk yon endividi diferan.
- Revni ou ogmante an 2021.
- Eitati deklarasyon ou chanje pou 2021 an.
- Kay prensipal ou a te deyò Etazini pandan plis pase mwatye ane 2021 an.

Aprè kalite chanjman òdinè sa yo nan fanmi ak nan lavi a, ou ka resevwa yon montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ki depase montan Kredi Enpo pou Timoun yo t ap ba ou sou deklarasyon enpo 2021 w lan.

Pou plis enfòmasyon konsènan kalifikasyon pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo, ansanm ak definisyon kay prensipal ou a, gade [Sijè B: Kalifikasyon pou Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#).

Q H3. Èske mwen ka itilize Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan pou redui oswa elimine montan aleksè peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo mwen ka bezwen pou repeye IRS la nan 2022 a?

A3. Wi. IRS la ankouraje ou pou w itilize Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) nan 2021 an pou rasire ou IRS la gen enfòmasyon ki pi resan yo konsènan kalifikasyon ou pou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an. Dènye enfòmasyon sa ap ede IRS la kontinye amelyore ekzaktitid estimasyon montan Kredi Enpo pou Timoun IRS la, ke y ap ba ou nan deklarasyon enpo 2021 w lan. CTC UP ap disponib sou IRS.gov apati mwa Jen an, e okòmansman l ap sèlman pèmèt ou chwazi, ou p ap ka resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. IRS la ap ajoute fonksyonalite nan CTC UP annapre pandan ane sa a, fonksyonalite yo dekri nan QF-1 anlè a.

Avèk estimasyon aktyalize montan Kredi Enpo pou Timoun yo ba ou a, IRS la kapab redui nan yon fason apwopriye montan peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou an nan 2021 an.

Enpòtan: Ajisteman sa yo ap redui risk pou peman anplis Kredi Enpo pou Timoun, sinon ou ka genyen pou ranbouse l bay IRS la an 2022.

Q H4. Èske m ap bezwen ranbouse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo bay IRS la si yo pi plis pase montan Kredi Enpo pou Timoun y ap ban mwen nan deklarasyon enpo 2021 mwen an?

A4. Petèt. Si ou kalifye pou pwoteksyon ranbousman ki dekri nan Sijè H sa a, ou p ap genyen pou ou ranbouse kèk oswa tout montan aleksè a. Si ou pa kalifye pou pwoteksyon ranbousman an, w ap bezwen sinyale tout montan aleksè a nan deklarasyon enpo 2021 w lan kòm enpo sou revni adisyonèl. Enpo sou revni adisyonèl sa ap redui montan ranbousman fiskal ou a oswa enpo total ou dwe pou 2021 an.

Q H5. Kòman m ap konnen si mwen pa kalifye pou pwoteksyon ranbousman an pou deklaran yo ki baze sou revni yo pandan 2021 an?

A5. Ou p ap kalifye pou okenn pwoteksyon ranbousman si AGI modifiye w la nan montan sa yo anba a oswa pi plis dapre estati deklarasyon nan deklarasyon enpo 2021 w lan.

- \$120 000 si ou marye epi fè yon deklarasyon konjwen oswa si w ap deklare antanke yon vèf oswa vèv ki kalifye;
- \$100 000 si w ap deklare antanke chèf fwaye; epi
- \$80 000 si ou se yon deklaran selibatè oswa marye epi fè yon deklarasyon separe.

Pou enfòmasyon sou definisyon AGI modifiye a, gade [Sijè C: Kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 an](#).

Q H6. Kòman m ap konnen si mwen kalifye pou pwoteksyon ranbousman total la pou deklaran yo ki baze sou revni pandan 2021 an?

A6. Ou kalifye pou pwoteksyon ranbousman total la epi ou p ap bezwen ranbouse okenn montan aleksè si kay prensipal ou te Ozetazini pandan plis pase mwatye ane 2021 an ak revni brit ajiste ki modifiye pou 2021 an nan montan annapre a oswa pi ba, dapre estati deklarasyon an nan deklarasyon enpo 2021 an:



- \$60 000 si ou marye epi fè yon deklarasyon konjwen oswa si w ap deklare antanke yon vèf oswa vèv ki kalifye;
- \$50 000 si w ap deklare antanke chèf fwaye; epi
- \$40 000 si ou se yon deklaran selibatè oswa marye epi fè yon deklarasyon separe.

Pwoteksyon ranbousman w lan ka limite si AGI modifiye w la depase montan sa yo oswa si kay prensipal ou a pa t Ozetazini pandan plis pase mwatye nan ane 2021 an.

Pou plis apwopo definisyon kay prensipal ou a, gade Sijè B: Kalifikasyon pou Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo ak Kredi Enpo pou Timoun 2021 an. Pou enfòmasyon sou definisyon AGI modifiye a, gade Sijè C: Kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 an.

Q H7. Si mwen kalifye pou pwoteksyon ranbousman, pou ki montan ranbousman m ap kalifye?

A7. Si mwen kalifye pou pwoteksyon ranbousman, pou ki montan ranbousman m ap kalifye?

A: Si ou kalifye pou pwoteksyon ranbousman an, montan taks ou dwe peye akòz peman avans aleksè Kredi Enpo pou Timoun nan ap redui jiska **montan pwoteksyon ranbousman total la**. Montan pwoteksyon ranbousman total la egal \$2 000 miltipliye pa sa ki annapre a:

- Kantite timoun kalifye IRS la konsidere pou detèminen estimasyon inisyal IRS pou peman Kredi Enpo pou Timoun yo, **mwens**
- Kantite timoun kalifye yo konsidere kòm sadwa pou detèminen montan Kredi Enpo pou Timoun y ap bay nan deklarasyon enpo 2021 w lan.

Ekzanp: Ou deklare twa (3) timoun kalifye nan deklarasyon enpo 2020 w lan, men ou deklare sèlman yon timoun kalifye nan deklarasyon enpo 2021 w lan. Ou ka resevwa jiska \$4 000 nan pwoteksyon ranbousman (sa vle di, \$2 000 pou chak timoun kalifye aleksè) si ou kalifye.

W ap kapab aplike pou montan pwoteksyon ranbousman total \$2 000 pou chak timoun kalifye aleksè si revni brit ajiste (AGI) modifiye w la nan nivo montan sa yo annapre a oswa pi ba ki baze sou estati deklarasyon nan deklarasyon enpo 2021 w lan:

- \$60 000 si ou marye epi fè yon deklarasyon konjwen oswa si w ap deklare antanke yon vèf oswa vèv ki kalifye;
- \$50 000 si w ap deklare antanke chèf fwaye; epi
- \$40 000 si ou se yon deklaran selibatè oswa marye epi fè yon deklarasyon separe.

Pou enfòmasyon sou definisyon AGI modifiye a, gade Sijè C: Kalkil Kredi Enpo pou Timoun 2021 an.

Q H8. Èske montan pwoteksyon ranbousman pou peman avans aleksè Kredi Enpo pou Timoun yo diminye si AGI modifiye mwen an pi plis pase montan AGI modifiye ki t ap fè mwen kalifye pou pwoteksyon ranbousman total la?

A8. Wi. Montan pwoteksyon ranbousman ap diminye dapre konbyen revni brit ajiste modifiye w la pi gwo pase montan sa yo dapre estati deklarasyon nan deklarasyon enpo 2021 w lan:

- \$60 000 si ou marye epi fè yon deklarasyon konjwen oswa si w ap deklare antanke yon vèf oswa vèv ki kalifye;
- \$50 000 si w ap deklare antanke chèf fwaye; epi
- \$40 000 si ou se yon deklaran selibatè oswa marye epi fè yon deklarasyon separe.

Montan pwoteksyon ranbousman sa a diminye – oswa redui – paske AGI modifiye w la depase montan ki anlè a. Montan pwoteksyon ranbousman w lan ap egal \$0 e montan ranbousman w lan p ap redui lè AGI modifiye w la nan pi gwo montan sa a oswa pi plis, dapre estati deklarasyon an nan deklarasyon enpo 2021 w lan:

- \$120 000 si ou marye epi fè yon deklarasyon konjwen oswa si w ap deklare antanke yon vèf oswa vèv ki kalifye;



- \$100 000 si w ap deklare antanke chèf fwaye; oswa
- \$80 000 si ou se yon deklaran selibatè oswa marye epi fè yon deklarasyon separe.

Ekzanp: Ou te fè yon deklarasyon konjwen avèk konjwen w lan pou ane fiskal 2020 e ou te reklame kòm sadwa, Kredi Enpo pou Timoun nan pou twa (3) timoun kalifye. IRS la te kalkile montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun ou dapre timoun kalifye sa yo. Sepandan, lè ou fè deklarasyon enpo konjwen 2021 w lan avèk AGI modifiye \$75 000, ou reklame Kredi Enpo pou Timoun nan pou yon timoun kalifye sèlman – e kòm konsekans genyen de (2) timoun kalifye aleksè. AGI modifiye \$75 000 w la depase sèy AGI modifiye \$60 000 aplikab ou a pa 25 pousan. Gwo montan pwoteksyon ranbousman total \$4 000 w la (sa vle di, \$2 000 pou chak timoun kalifye aleksè) redui pa 25 pousan jiska \$3 000.

Q H9. Kisa k ap rive si mwen genyen balans pou IRS la akòz peman aleksè avans Kredi Enpo pou Timoun yo, epi mwen pa ka peye balans mwen dwe a lè m ap fè deklarasyon enpo 2021 mwen an?

A9. Majorite endividi ki bezwen ranbouse eksè peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ap peye balans sa atravè yon rediksyon nan ranbousman enpo sou revni federal y ap tann nan. Sepandan si ou dwe yon balans ki plis pase ranbousman w lan, IRS la ap travay regilyèman avèk kontribyab ki dwe montan yo pa ka peye yo. Pwosesis pou fè aranjman peman pou balans ou dwe se menm ak pwosesis pou lòt balans fiskal yo. Pou plis enfòmasyon sou kòman pou peye enpo sou revni federal ou dwe ou poko peye yo, gade [Peye Enpo Ou yo](#).

Q H10. Èske IRS la ap ban mwen enfòmasyon pou ede mwen rekonsilye peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo nan deklarasyon enpo 2021 mwen an?

A10. Wi. An Janvyè 2022, IRS la ap voye ba ou Lèt 6419 pou ba ou montan total peman avans Kredi Enpo pou Timoun ki te vèse ba ou nan 2021 an. Tanpri konsève lèt sa konsènan peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk dosye fiskal ou yo. Ou ka bezwen refere lèt sa lè w ap fè deklarasyon enpo 2021 w lan pandan sezon deklarasyon enpo 2022 a. Y ap voye lèt sa nan adrès ki nan dosye w la nan dat ranvwa lèt la. Jeneralman, se ap adrès ki nan deklarasyon enpo w ki pi resan an, oswa nan adrès ki aktyalize atravè Pòtal Mizajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) oswa Sèvis Postal Etazini an (United States Postal Service, USPS). Pou plis enfòmasyon konsènan CTC UP, gade [Sijè F: Mete ajou Enfòmasyon Kredi Enpo pou Timoun nan Pandan 2021 an](#).

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo - Sijè I: Rezidan sou Tèritwa Etazini ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo

Q I1. Si mwen se yon rezidan Pòtoriko, èske m ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun nan?

A1. Ou p ap resevwa yon peman avans Kredi Enpo pou Timoun nan, men ou ka kalifye pou reklame Kredi Enpo pou Timoun nan pou timoun kalifye w yo sou [Fòm 1040-PR 2021](#) w lan, [Fòm 1040-SS](#), oswa lòt fòm seri 1040 ki depoze nan IRS la. Pou enfòmasyon adisyonèl, tanpri vizite IRS.gov oswa gade enstriksyon pou [Fòm 1040-PR](#) oswa [Fòm 1040-SS](#) PDF oswa, si ou depoze yon lòt fòm seri 1040 nan IRS la, [Anèks 8812 \(Fòm 1040\)](#) ak [Enstriksyon Anèks 8812 yo](#).

Q I2. Pou rezidan Pòtoriko yo, kòman Kredi Enpo pou Timoun nan te chanje pou 2021 an?

A2. Montan maksimòm Kredi Enpo pou Timoun pou 2021 an te ogmante apati \$2 000 pou rive nan \$3 000 pou timoun ki nan 6 lane pou rive 17 lane yo (\$3 600 pou timoun ki gen 5 lane ak mwens) nan fen 2021 an. Ou ka rekame kredi ogmante sa menmsi ou pa gen revni oswa peye enpo sekirite sosyal Etazini yo. Yo te retire ekzijans pou genyen twa (3) timoun kalifye nan kòmansman 2021 an, e w ap bezwen sèlman yon timoun kalifye pou reklame Kredi Enpo pou Timoun nan sou [Fòm 1040-PR](#), [Fòm 1040-SS](#), oswa lòt fòm seri 1040 yo ki depoze nan IRS la pou 2021 an.



Q 13. Si mwen se yon rezidan Samoa Amerikèn, Commonwealth Zile Maryann Nò yo, Guam oswa Etazini. Zile Vièj yo, èske m ap resevwa yon peman avans Kredi Enpo pou Timoun? Epi, kòman Kredi Enpo pou Timoun nan te chanje pou 2021 an?

A3. Ou ka kalifye pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk ajans taks teritwa Etazini w la. Tanpri kontakte ajans taks teritwa lokal ou a pou enfòmasyon adisyonèl sou tout peman avans ak lòt chanjman nan Kredi Enpo pou Timoun nan.

Q 14. Mwen se yon sitwayen oswa yon rezidan nan youn nan Eta Asosye Lib yo (Eta Federe Microsenia, Repiblik Zile Marshall, oswa Repiblik Palau). Èske mwen kalifye pou yon Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo oswa Kredi Enpo pou Timoun?

A4. Eitati sitwayennte oswa rezidans nan Eta Asosye Lib yo, poukont li, pa ba ou dwa pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo oswa Kredi Enpo pou Timoun nan. Si kay prensipal ou a nan 50 eta yo oswa Distrik Columbia a pandan plis pase mwatye ane a, ou ka kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan ak peman avans kredi sa a ak IRS la. Si ou se yon rezidan Pòtoriko, ou ka elijib pou Kredi Enpo pou Timoun nan ak IRS, men se p ap yon peman avans kredi sa a. Si ou se yon rezidan Samoa Amerikèn, Commonwealth Zile Maryana Nò yo, Guam oswa Etazini. Zile Vyèj yo, ou ka kalifye pou peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo avèk ajans taks teritwa Etazini w la. Tanpri kontakte ajans taks teritwa lokal ou a pou enfòmasyon adisyonèl sou tout peman avans ak lòt chanjman nan Kredi Enpo pou Timoun nan.

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo - Sijè J: Anile Enskripsyon nan Pèman Avans yo

Q J1. Poukisa mwen ta dwe dezenskri (ajoute 21 Jen 2021)

A1. Ou ka vle dezenskri pou sispann resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou plizyè rezon, tankou si w ap atann pou montan enpo ou dwe a pi plis pase ranbousman w ap tann nan lè ou fè deklarasyon enpo 2021 w lan. Peman ou resevwa yo se yon avans Kredi Enpo pou Timoun nan ou ta dwe jwenn nòmalmman lè ou fè deklarasyon enpo 2021 w lan. Paske yo peye kredi sa yo davans, chak dola ou resevwa ap redui montan Kredi Enpo pou Timoun ou pral reklame nan deklarasyon enpo 2021 w lan. Sa vle di lè ou aksepte peman avans kredi enpo pou timoun yo, montan ranbousman w la ka redui oswa montan enpo ou dwe a ka ogmante.

Ou ka evite dwe IRS la enpo si ou dezenskri epi reklame tout kredi a lè ou fè deklarasyon enpo 2021 w lan.

Q J2. Ki dat limit pou dezenskri a (ajoute 21 Jen 2021)

A2. Pou sispann peman avans yo, ou dwe dezenskri 3 jou anvan premye Jedi pwochen mwa a nan 11:59 p.m. Èdelès.

| Mwa Peman | Dat Limit pou Dezenskripsyon | Dat Peman |
|-----------|------------------------------|-----------|
| Jiyè | 6/28/2021 | 7/15/2021 |
| Dawout | 8/2/2021 | 8/13/2021 |
| Sektanm | 8/30/2021 | 9/15/2021 |



| | | |
|--------|------------|------------|
| Oktòb | 10/4/2021 | 10/15/2021 |
| Novanm | 11/1/2021 | 11/15/2021 |
| Desanm | 11/29/2021 | 12/15/2021 |

Q J3. Kisa k ap pase si mwen rate dat limit pou dezenskri an (ajoute 21 Jen 2021)

A3. W ap jwenn pwochen peman avans ki te pwograme yo jiskaske nou trete demann dezenskripsyon w lan.

Q J4. Konbyen tan sa ap pran pou trete dezenskripsyon mwen an? (21 Jen 2021)

A4. Sa ka pran jiska sèt (7) jou travay. Retounen verifiye apre dezenskripsyon an pou ou rasire ou yo trete demann ou an avèk siksè.

Q J5. Kilè mwen kapab reyenskri? (aktualize 6 Oktòb 2021)

A5. Ou pa ka reyenskri nan moman sa a. Dezenskripsyon se yon bagay ki kapab fèt yon sèl fwa.

Q J6. Si mwen marye epi m fè deklarasyon konjwen, èske konjwen mwen an bezwen dezenskri tou? (ajoute 21 2021)

A6. Wi. Se endividi a sèlman ki ka dezenskri.

Q J7. Si konjwen mwen dezenskri epi mwen menm mwen pa dezenskri, kisa k ap pase? (ajoute 21 Jen 2021)

A7. Si ou pa dezenskri, w ap jwenn mwatye peman konjwen ou te sipoze resevwa ak konjwen w lan.

Kesyon yo Poze Souvan sou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo - Sijè K: Verifikasyon Idantite ou pou Ou Jere Pèman w yo

Q K1. Poukisa mwen oblije otantifye idantite m? (an anglè) (ajoute 22 Jen 2021)

A K1. IRS bezwen rasire li ou se oumenm - se pa yon moun ki vle pase pou ou - anvan nou ba aksè nan enfòmasyon sansib sou kont ou an. Verifikasyon idantite w ap ede ou kenbe enfòmasyon w yo sennesòf epi anpeche fwod ak vòl idantite.

Q K2. Kòman mwen ka otantifye idantite m? (an anglè) (ajoute 22 Jen 2021)

A K2. Si ou se yon nouvo itilizatè, ou dwe kreye yon kont ID.me nan IRS la epi verifiye idantite ou. ID.me se yon founisè sèvis akreditasyon ki fyab ki chwazi pou sipòte sèvis koneksyon IRS.gov la.

ID.me itilize dènye teknoloji verifikasyon yo pou otantifye idantite ou rapid epi fasil. Aprann plis sou ID.me ak pwosesis verifikasyon IRS la sou [Konekte ou oswa Kreye yon Nouvo Kont](#).

Si ou gen yon kont deja nan IRS, itilize non itilizatè ak modpas Aksè Sekirize a epi rantre kòd sekirite a antanke yon pati nan pwosesis otantifikasyon plizyè faktè a (multi-factor authentication - MFA). Si ou gen yon kont avèk ID.me nan gouvènman eta a oswa nan yon ajans federal, ou ka itilize imèl ou ak modpas ou epi konple MFA a.

Q K3. Mwen poko gen 18 lane e yo te di m mwen pa ka otantifye; kòman mwen kapab jere peman mwen yo? (an anglè) (ajoute 22 Jen 2021)

A K3. ID.me otantifye endividi ki gen 18 lane ak plis. Si ou gen 17 lane oswa pi piti, rele nimewo telefòn ki nan lèt IRS ou a si ou chwazi dezenskri pou sispann resevwa peman mansyèl yo oswa itilize zouti kalifikasyon anliy lan.



Q K4. Èske ID.me ap kenbe enfòmasyon mwen yo? (an anglè) (ajoute 22 Jen 2021)

A K4. Wi, antanke yon founisè sèvis akreditasyon ki sètifye kont nòm federal, ID.me gen obligasyon pou li anrejistre enfòmasyon endividi yo. ID.me pwoteje tout enfòmasyon sansib yo avèk yon kriptaj ki pi fò pase sa anpil lòt enstitisyon finansyè.

Q K5: Mwen pa ka otantifye idantite mwen. Kisa mwenn bezwen fè pou mwen otantifye idantite mwen? (ajoute 19 dawou 2021)

A5. Si ou se yon nouvo itilizatè, ou dwe kreye yon kont ID.me nan IRS la pou ou verifye idantite ou. Ou ka jwenn èd pou verifye idantite ou sou [sit èd ID.me](#). an. ID.me se yon founisè sèvis akreditasyon ki fyab yo chwazi pou sipòte sèvis koneksyon IRS yo.

Ou kapab eseye konekte avèk non itilizatè IRS ou itilize a pou ou jwenn aksè nan lòt sèvis tankou [Kont Anliy](#). Kont Anliy se yon sistèm anliy ki pèmèt ou gen aksè nan enfòmasyon kont pèsonèl ou an sekirite.

Si ou pa kapab verifye idantite ou anliy, ou kapab rele nimewo telefòn ki nan lèt IRS la te ba ou a ki di ou ka kalifye pou resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ([Lèt 6416 \(an anglè ak panyòl\)](#) PDF). Lè ou rele, w ap bezwen reponn kesyon yo pou verifye idantite ou ak ajan sèvis kliyantèl la.

Q K6: Lè mwen rele IRS la pou li ede m otantifye idantite mwen, ki mizajou nan enfòmasyon yo mwen ka bay IRS la konsènan peman avans Kredi Enpo pou Timoun mwen yo (ajoute 19 dawou 2021)

A6. Ou kapab aktyalize adrès oswa anile enskripsyon nan peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Lòt mizajou nan enfòmasyon ou yo, tankou chanjman nan enfòmasyon kont labank ou, kapab fèt atravè Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) sèlman, apre ou fin verifye idantite ou.

Q K7: Mwen resevwa yon mesaj ki di “Gen yon kondisyon ki anpeche ou gen aksè nan sèvis sa a”. Kisa sa vle di? (ajoute 19 dawou 2021)

A 7. Apre ou fin verifye idantite ou avèk ID.me, ou ka wè yon mesaj IRS ki di: “Gen yon kondisyon ki anpeche ou gen aksè nan sèvis sa a”. Si ou wè mesaj sa a, tanpri retounen eseye konekte pita.

Si ou kontinye ap resevwa mesaj sa a, sa vle di ou p ap kapab itilize Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun anliy lan.

Olyedesa, ou kapab rele nimewo telefòn ki nan lèt IRS la te ba ou a ki di ou ka kalifye pou resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ([Lèt 6416 \(an anglè ak panyòl\)](#) PDF). Lè ou rele, w ap bezwen reponn kesyon yo pou verifye idantite ou avèk ajan sèvis kliyantèl la.

Kredi Enpo pou Timoun 2021 ak Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo - Sijè L:
Asistans pou Moun yo nan Enskripsyon pou Pèman Avans Kredi Enpo pou Timoun
yo

QL1. Moun ki pa gen obligasyon pou ranpli yon deklarasyon enpo te mande m pou m asiste yo lè y ap antre enfòmasyon yo nan Zouti Enskripsyon pou Non-Deklaran pou Kredi Enpo pou Timoun nan. Mwen ka bay asistans sa a? (ajoute 3 dawout 2021)

A1. Wi. Ou ka asiste yon lòt moun, tankou yon zanmi oswa yon manm fanmi oswa atravè yon sèvis preparasyon deklarasyon enpo volontè tankou VITA oswa TCE, depi ou gen pèmasyon moun w ap ede a. Ou ka ede yo pandan w ap fè yo konprann kòman pou yo itilize [Zouti Enskripsyon pou Non-deklarasyon pou Kredi Enpo pou Timoun nan](#) oswa mete enfòmasyon yo nan zouti a pou yo. Pa konplete Zouti Enskripsyon pou Non-deklarasyon pou Kredi Enpo pou Timoun nan san patisipasyon dirèk moun nan paske zouti a egzije pou moun nan deklare enfòmasyon li antre yo vrè, kòrèk, ak konplè epi pou li mete pwòp siyati li.

Si ou nan biznis prepare deklarasyon enpo pou lòt moun, ou dwe swiv règleman sou divilgasyon ak itilizasyon enfòmasyon deklarasyon enpo yo ki nan seksyon 6713 ak 7216 nan Kòd la (Code). Vizite [Sant Enfòmasyon Seksyon 7216 \(an anglè\)](#) pou plis enfòmasyon.



QL2. Mwen gen yon nimewo idantifikasyon taks pou preparatè (PTIN). Si mwen asiste yon moun pandan l ap antre enfòmasyon li nan Zouti Enskripsyon pou Non-deklaran pou Kredi Enpo pou Timoun nan, kòman m ap ka bay IRS la PTIN mwen an? (ajoute 3 dawout 2021)

A2. Ou pa bezwen bay IRS la yon PTIN. Zouti Enskripsyon pou Non-deklaran pou Kredi Enpo pou Timoun nan pa gen yon espas pou antre yon PTIN.

Kredi Enpo pou Timoun 2021 ak Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo — Sijè M: Kesyon Anpil moun poze sou Gad Pataje (Shared Custody)

Q M1. Mwen menm ak lòt paran timoun mwen an ap gade timoun nou an ansanm. Kòman IRS la pral deside kiyès nan nou 2 a ki ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (ajoute 19 dawou 2021)

A1. IRS la pral detèminen kiyès k ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo dapre enfòmasyon ki nan deklarasyon enpo 2020 w lan, oswa deklarasyon 2019 la, si IRS la poko trete deklarasyon 2020 w lan. Oswa, si ou te reklame Kredi Enpo pou Timoun nan pou timoun ou an nan deklarasyon 2020 w lan, ebyen w ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Si lòt paran timoun ou an te reklame Kredi Enpo pou Timoun nan nan deklarasyon enpo 2020 li an, ebyen l ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo.

Si ou p ap kalifye pou reklame Kredi Enpo pou Timoun nan nan deklarasyon 2021 w lan (sa ki pou avril 2022 a), ebyen ou ta dwe ale sou sit entènèt IRS la pou ou itilize Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) pou ou anile enskripsyon nan peman mansyèl yo. Resevwa peman mansyèl yo kounya ka vle di ou genyen pou ou ranbouse peman sa yo lè ou ranpli deklarasyon enpo w lan lòt ane. Si bagay yo chanje ankò epi ou gen dwa nan Kredi Enpo pou Timoun nan pou 2021, ou kapab reklame tout montan an nan deklarasyon enpo w lan lòt ane.

Q M2. Mwen menm ak lòt paran timoun mwen an te dakò, pou rezon enpo sou revni Federal, M ap deklare timoun nan pou chak ane pè pandan li menm l ap deklare li pou chak ane enpè. Mwen te reklame Kredi Enpo pou Timoun nan pou timoun nou an nan deklarasyon enpo 2020 mwen an. Èske IRS la ap debouse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou mwen menmsi mwen p ap reklame Kredi Enpo pou Timoun nan nan deklarasyon enpo 2021 mwen an? (ajoute 19 dawou 2021)

A2. Wi. Paske ou te deklare timoun ou an nan deklarasyon enpo 2020 w lan, IRS la ap debouse peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou ou otomatikman, menmsi ou konnen ou p ap deklare timoun ou an nan deklarasyon enpo 2021 w lan. Lè ou ranpli deklarasyon enpo 2021 w lan (sa ki pou avril 2022 a), ou ka genyen pou ou ranbouse peman avans anplis Kredi Enpo pou Timoun nan ou gen dwa pou reklame nan deklarasyon sa. Yo ka pa kite w ranbouse yon pati oswa tout montan ki anplis lan si ou benefisye yon pwoteksyon ranbousman. Pou plis enfòmasyon konsènan pwoteksyon ranbousman, gade [Sijè H: Rekonsilye Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun Ou yo nan Deklarasyon Enpo 2021 Ou an](#).

Si ou konnen ou p ap reklame Kredi Enpo pou Timoun nan deklarasyon 2021 w lan, ebyen ou ta dwe ale sou sit entènèt IRS pou ou itilize Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun nan (CTC UP) pou ou anile enskripsyon nan peman mansyèl yo. Si bagay yo chanje ankò epi ou gen dwa pou Kredi Enpo pou Timoun nan pou 2021 an, ou kapab reklame tout montan an nan deklarasyon enpo w lan lè ou deklare lòt ane.

Q M3. Lòt paran timoun mwen an ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo menm si m ap reklame Kredi Enpo pou Timoun nan pou timoun nou an nan deklarasyon enpo 2021 mwen an. Èske m ap toujou kapab reklame tout Kredi Enpo pou Timoun nan? (ajoute 19 dawou 2021)

A3. Wi. W ap kapab reklame tout montan Kredi Enpo pou Timoun ou an nan deklarasyon enpo 2021 w lan menmsi lòt paran an ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo. Lòt paran an ta dwe anile enskripsyon nan peman avans yo, men desizyon li an p ap afekte posiblite ou pou reklame Kredi Enpo pou Timoun nan.



Kredi Enpo pou Timoun 2021 ak Peman Avans Kredi Enpo pou Timoun yo —Sijè N: Kesyon Anpil moun poze sou Imigrasyon

Q N1. Mwen pa genyen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN), men mwen genyen yon Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Pèsonèl (ITIN) IRS la ban mwen. Èske mwen kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan? (ajoute 19 dawou 2021)

A1. Wi. Oumenm — ak konjwen w lan, si nou marye epi nou ranpli yon deklarasyon konjwen — dwe genyen yon nimewo Sekirite Sosyal (SSN) oswa yon Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Pèsonèl (ITIN) IRS la ba ou pou ou kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan. W ap resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo sèlman si ou te itilize SSN oswa ITIN kòrèk ou a lè ou te ranpli deklarasyon enpo 2020 w lan oswa deklarasyon enpo 2019 la (ansanm avèk lè ou te antre enfòmasyon yo nan zouti Non-Deklaran an sou IRS.gov an 2020 oswa Zouti Enskripsyon Non-Deklaran pou Kredi Enpo pou Timoun nan sou IRS.gov an 2021).

Peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ap fèt pou chak timoun kalifye ki gen yon SSN ki [valid pou travay \(an anglè\)](#) nan Etazini.

Q N2. Èske timoun mwen an bezwen genyen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) pou li kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan? (ajoute 19 dawou 2021)

A2. Wi. Pou timoun ou an kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan, li dwe genyen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ki valid pou travay.

An konsekans, si timoun ou an pa genyen yon SSN ki valid pou travay, ou pa kalifye pou resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou timoun sa.

Q N3. Kisa sa vle di lè yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) valid pou travay? (ajoute 19 dawou 2021)

A3. Pou timoun kalifye yo, yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) se yonn ki [valid pou travay \(an anglè\)](#) nan etazini (an anglè) Ajans Sekirite Sosyal la (SSA) ba ou anvan dat pou deklarasyon enpo 2021 an (ansanm avèk pwolongasyon yo).

Si yon moun te yon sitwayen ameriken lè li te resevwa SSN nan, ebyen li valid pou travay nan Etazini. Si “Pa Valid pou Travay” ekri sou kat Sekirite Sosyal moun nan epi estati imigrasyon moun nan te chanje pou li ka vin yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmanan kounya, mande SSA a yon [nouvo kat Sekirite Sosyal \(an anglè\)](#).

Men, si “Valid pou Travay Avèk Otorizasyon Depatman Sekirite Enteryè (DHS) Sèlman” ekri sou kat Sekirite Sosyal moun nan, moun nan gen kat yo mande pou genyen an toutotan otorizasyon Depatman Sekirite Enteryè a valid.

Q N4. Èske lè mwen resevwa Kredi Enpo pou Timoun 2021 an oswa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo ap afekte estati imigrasyon mwen oswa posibilite pou mwen jwenn ti kat la (green card)? (ajoute 19 dawou 2021)

A4. Non. Dapre lwa aktyèl la, lè ou resevwa Kredi Enpo pou Timoun oswa lòt kredi enpo Federal ou kalifye pou yo, sa p ap afekte estati imigrasyon ou, posibilite pou ou jwenn ti kat la (green card) oswa kalifikasyon alavni pou avantaj imigrasyon yo. Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini yo pa konsidere itilizasyon kredi enpo yo pou detèminen “chaj piblik” (“public charge”).

Q N5. Antanke yon benefisyè Aksyon Ranvwaye pou Arive Timoun yo (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA), èske sa anpeche m reklame Kredi Enpo pou Timoun 2021 an oswa resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo pou timoun kalifye mwen yo? (ajoute 19 dawou 2021)

A5. Non. Genyen yon DACA pa afekte kalifikasyon ou. Si oumenm ak timoun ou an reponn tout egzijans pou kalifikasyon yo, w ap kapab deklare timoun ou an pou Kredi Enpo pou Timoun 2021 an epi resevwa peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo.

Q N6. Timoun mwen an se yon benefisyè DACA. Èske mwen ka toujou deklare timoun mwen an pou Kredi Enpo pou Timoun nan epi pou mwen gen redevans peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo? (ajoute 19 dawou 2021)

A6. Wi. Kalifikasyon w pa afekte paske timoun ou an se yon benefisyè DACA. Si timoun ou an gen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ki valid pou travay, epi oumenm ak timoun ou an reponn tout lòt egzijans pou kalifikasyon yo, ou kalifye pou Kredi Enpo pou Timoun nan ak peman avans Kredi Enpo pou Timoun yo.



2021 Kredi Taks sou Timoun ak Avans Peman Kredi Taks sou Timoun - Sijè O: Retounen yon peman

K O1. Kisa mwen dwe fè pou m retounen yon avans peman kredi taks sou timoun mwen te resevwa pa depo dirèk oswa yon chèk? (ajoute nan dat 14 septanm 2021)

A1 Ou dwe retounen peman jan yo mansyone sa a anba a.

Si peman te fèt pa chèk epi w poko chanje li:

Ekri "Anile" nan seksyon pou siyen an nan dèyè chèk la. Voye chèk Trezò piblik ou anile a nan biwo IRS ki apwopriye ki mansyone anba a. Pa klipse, pliye oswa kole papye sou chèk la.

Metete nan chèk ou anile a yon esplikasyon alekri, vrèman kout epi apa, rezon ki fè w retounen chèk la, ki gen ladan si wi ou non ou vle retire tèt ou nan pwochen peman avans chak mwa kredi taks pou timoun nan alavni.

Si peman an se te yon chèk papye epi w te pran li, oswa si peman an se te yon depo dirèk:

Soumèt yon chèk pèsònèl oswa yon manda bay "Biwo Trezò Ameriken (U.S. Treasury, an anglè) nan kote ki apwopriye IRS ki nan lis anba a. Nan liy memo a, ekri "AdvanceCTC" ak nimewo Sekirite Sosyal la oswa nimewo idantifikasyon kontribyab endividyèl moun k ap resevwa chèk la oswa depo a.

Metete ak chèk pèsònèl ou a oswa manda a yon esplikasyon alekri, vrèman kout epi apa, rezon ki fè w retounen chèk la, ki gen ladan si wi ou non ou vle retire tèt ou nan pwochen peman avans chak mwa kredi taks pou timoun nan alavni.

Sa yo se adrès lapòs IRS yo ka itilize ki baze sou eta a:

| Si w ap viv... | voye lapòs la nan adrès sa a |
|--|---|
| Maine, Maryland, Massachusetts, New Hampshire, Vermont | Andover Internal Revenue Service 310 Lowell St. Andover, MA 01810 |
| Georgia, Iowa, Kansas, Kentucky, Virginia | Atlanta Internal Revenue Service 4800 Buford Hwy Chamblee, GA 30341 |



Fact Sheet

Internal Revenue Service
Media Relations Office
Washington, D.C.

Media Contact: 202.317.4000
Public Contact: 800.829.1040

www.irs.gov/newsroom

Florida, Louisiana, Mississippi, Oklahoma, Texas

Austin Internal Revenue Service
3651 S Interregional Hwy 35
Austin, TX 78741

New York

Brookhaven Internal Revenue Service
1040 Waverly Ave.
Holtsville, NY 11742

Alaska, Arizona, California, Colorado, Hawaii, Nevada, New Mexico, Oregon, Utah, Washington, Wisconsin, Wyoming

Fresno Internal Revenue Service
3211 S Northpointe Dr.
Fresno, CA 93779

Arkansas, Connecticut, Delaware, Indiana, Michigan, Minnesota, Missouri, Montana, Nebraska, New Jersey, Ohio, West Virginia

Kansas City Internal Revenue Service
333 W Pershing Rd.
Kansas City, MO 64108

Alabama, North Carolina, North Dakota, South Carolina, South Dakota, Tennessee

Memphis Internal Revenue Service
5333 Getwell Rd.
Memphis, TN 38118

District of Columbia, Idaho, Illinois, Pennsylvania, Rhode Island

Philadelphia Internal Revenue Service
2970 Market St.
Philadelphia, PA 19104

Yon peyi aletranje, teritwa oswa tèt Etazini posede*, oswa itilize yon APO oswa yon adrès FPO, oswa ranpli Fòm 2555 oswa 4563, oswa yon etranje ki gen de estati.

Austin Internal Revenue Service
3651 S Interregional Hwy 35
Austin, TX 78741



Fact Sheet

Internal Revenue Service
Media Relations Office
Washington, D.C.

Media Contact: 202.317.4000

Public Contact: 800.829.1040

www.irs.gov/newsroom

IRS-FAQ